

# **NILAI PENDHIDHIKAN KARAKTER SAJRONING DONGENG-DONGENG ASIA KANGGO BOCAH**

**ANIES KURNIAWATI**  
PENDIDIKAN BAHASA DAERAH  
FAKULTAS BAHASA DAN SENI  
UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA

## **ABSTRAK**

Dongeng-dongeng Asia Kanggo Bocah jilid 1 nganti 3 minangka riptan sastra kang isine maneka warna carita saka negara-negara Asia. Carita-carita kasebut nuduhake panguripane manungsa sing kebak nilai-nilai, mliginine nilai-nilai pendhidhikan karakter sing bisa didadekake patuladhan dening para bocah kanggo mangun karaktere. Nitik saka andharan kasebut, isine dongeng-dongeng kasebut narik kawigaten kanggo ditliti lan dianalisis.

Underaning panliten ing sajroning panliten iki, yaiku: (1) Kepriye gegambaran struktur saka DDAKB jilid 1 nganti 3 mligine babagan tema, paraga, alur lan setting? (2) Apa wae nilai-nilai pendhidhikan karakter kang kinandhut sajroning DDAKB jilid 1 nganti 3?

Ancasing panliten iki, yaiku (1) Ngandharake gegambaran struktur saka crita DDAKB jilid 1 nganti 3 mligine babagan tema, paraga, alur lan setting, (2) Ngandharake nilai-nilai pendhidhikan karakter kang kinandhut sajroning DDAKB kanggo bocah jilid 1 nganti 3. Mula, paedahe panliten iki, yaiku (1) Panliten iki bisa didadekake sarana nyinaoni kajian pendhidhikan karakter ing riptan sastra mligine dongeng, lan bisa dadi wujud nyata pangetrapan kawruh sawetara saka bangku kuliyah, (2) Panliten iki dikarepake bisa dadi acuan pamaos mangerteni lan nyinaoni ngenani nilai-nilai pendhidhikan karakter ing riptan sastrane kang diandharake pangripta, (3) Tumrap pamulangan sastra asil panliten iki bisa menahi tuladha ngenani nilai-nilai pendhidhikan karakter kang ana sajroning dongeng kang bisa dadi patuladhan.

Tintingan kapustakan kang digunakake kanggo nganalisis masalah yaiku tintingan struktur lan nilai-nilai pendhidhikan karakter. Tintingan struktur digunakake kanggo njlentrehake unsur intrinsik mligine tema, paraga, alur lan latar sajroning dongeng kang gegayutan karo nilai-nilai pendhidhikan karakter. Tintingan pendhidhikan karakter digunakake kanggo njlentrehake nilai-nilai pendhidhikan kang kinandhut sajroning dongeng.

Kegiatan panliten iki nggunakake ancangan panliten dheskriptif kualitatif. Panliten iki njupuk sumber data buku dongeng-dongeng Asia kanggo bocah jilid 1 nganti 3. Data ing sajroning panliten iki yaiku arupa tembung, frasa, lan ukara saka dongeng-dongeng Asia kanggo bocah jilid 1 nganti 3 kang ana gegayutane karo prakara kang dianalisis. Pangumpule data ing panliten kanthi teknik pustaka lan teknik nyathet data. Ing babagan tatacara ngolah data, panliten iki nggunakake analisis dheskriptif.

Asil panliten iki nuduhake gegambaran struktur crita sajroning dongeng-dongeng Asia kanggo bocah jilid 1 nganti 3, mligine ing babagan tema, paraga, plot/alur, lan latar. Tema saben carita iku beda-beda, nanging tema sing paling akeh diangkat yaiku tema pendhidhikan kang gegayutan karo nilai-nilai pendhidhikan karakter. Gegambaran paraga saben dongeng uga beda-beda. Sekabehane nduweni sipat lan kahanan urip kang beda sing sabanjure nuduhake nilai-nilai pendhidhikan karakter kang bisa didadekake patuladhan. Kajaba iku alur saben crita kang ana, kabeh kagolong alur maju. Saka gegambarane struktur crita sajrone dongeng-dongeng Asia kanggo bocah jilid 1 nganti 3 nuduhake nilai-nilai pendhidhikan karakter kang kinandhut sajroning carita. Nilai-nilai pendhidhikan karakter kasebut yaiku (1) jujur minangka dhasar karakter kang asale saka olah ati, sing sajrone ana karakter amanah, adil, tresna asih, gedhe pangapura, wicaksana lan tanggung jawab, (2) cerdhas minangka dhasar karakter kang asale saka olah pikir, sing sajrone ana karakter kreatif lan rasa kepingin weruh kang gedhe, (3) tangguh minangka dhasar karakter kang asale saka olah raga utawa kinestika sing sajrone ana karakter mandhiri, ulet, sabar lan sregep (4) pedhuli dhasar karakter kang asale saka olah karsa lan rasa sing sajrone ana karakter antarane yaiku ngutamakake kepentingan umum, nduweni rasa kakaluwargan, nduweni unggah-ungguh, lan seneng nulung.

## PURWAKA

Kairingan dening pangrembakane jaman kang sarwa modheren, menahi daya pangaribawa kang gedhi tumrap generasi mudha mligine para bocah. Daya pangaribawa kasebut, saliyané weneh kabecikan uga nggawa babagan kang ala tumrap moral lan akhlak. Mula saka iku, generasi mudha kudu bisa milah lan milih endi babagan sing becik lan endi babagan sing ala, supaya generasi mudha nduweni karakter kang becik. Miturut Said (2011:1) karakter yaiku ciri khas sawijining pawongan kang mbedakake antarane wong siji karo liyané.

Karakter bocah gegayutan karo uripe saben dinane. Bocah bisa nduweni karakter kang becik yen oleh piwulangan kang becik sajroning sekolah, lingkungan, lan kaluwargane. Pamangune karakter sajroning kapribadhen bocah ditemtokake dening rong faktor yaiku faktor alami lan faktor pangasuhan sarta pendhidhikan (Noor, 2011:38). Karaktere bocah bisa diwangun lumantar pendhidhikan, bisa pendhidhikan ing sekolah lan pendhidhikan ing sanjabane sekolah. Karaktere bocah kudu diwangun nalika bocah isih cilik.

Saka andharan kasebut bisa didudut yen bocah mbutuhake pendhidhikan karakter kanggo mangun kapribadhen kang becik. Wiyani (2011:47) ngandharake yen sajroning pendhidhikan karakter ngandhut nilai-nilai kang bisa didadekake patuladhan marang bocah. Nilai-nilai kasebut yaiku jujur, cerdas, tangguh lan pedhuli. Nilai-nilai kasebut yen diterapake sajroning urip saben dina bisa ndadekake bocah nduweni karakter kang becik.

Nilai-nilai pendhidhikan karakter bisa diolahake lumantar reiptan sastra. Sastra yaiku kaca benggalaning uripe manungsa saben dinane (Sarumpaet, 2012:1). Sajroning reiptan sastra nggambarake gegayutane antarane manungsa siji lan liyané, manungsa lan lingkungan, sarta manungsa lan Gustine. Salah sawijining reiptan sastra kang ngandhut nilai-nilai pendhidhikan karakter yaiku dongeng. Dongeng yaiku salah sawijining reiptan sastra kang digunakake kanggo panglipur lara lan uga ngandhut nilai-nilai kang bisa dadi patuladhan sajroning urip saben dina. Sajroning panliten iki, panliti nggunakake dongeng kang arupa kumpulan dongeng-dongeng saka negara-negara ing Asia.

Dongeng-dongeng Asia Kanggo Bocah (kang sabanjure dicekak DDAKB) yaiku buku kumpulan dongeng saka negara-negara Asia kang nyritakake babagan gegambaran panguripane manungsa ing saben saben dinane. Para bocah lumantar crita-critane ing DDAKB bisa meruhi endi wae tumindak kang ala lan tumindak kang becik. Mula saka iku, dongeng kasebut minangka media kang trep kanggo nuduhake nilai-nilai pendhidhikan karakter marang bocah. Sabanjure bocah bisa ngetrapake nilai-nilai pendhidhikan karakter kasebut sajroning urip saben dinane. Kanggo miwiti panliten, panliti nggunakake titingan struktur, mligine babagan tema kang nuduhake nilai-nilai pendhidhikan karakter. Kajaba alasan ing kasebut, DDAKB iki durung tau ditliti sadurunge. Saka alasan-alasan kasebut, panliti menahi irah-irahan panliten iki “*Nilai Pendhidhikan Karakter sajroning Dongeng-dongeng Asia kanggo Bocah.*”

Gegayutan karo andharan kasebut, undering panliten iki yaiku: (1) kepriye struktur carita DDAKB mligine babagan tema, paraga, alur lan setting, (2) Apa wae nilai pendhidhikan karakter kang kinandhut sajroning DDAKB.

Adhedhasar undering panliten sing wis disebutake, mula panliten iki nduweni ancas yaiku: (1) ngandharake struktur carita DDAKB mligine babagan tema, paraga, alur lan setting, (2) ngandharake wae nilai pendhidhikan karakter kang kinandhut sajroning DDAKB.

Panliten iki diajab bisa menahi paedah yaiku : (1) Panliten iki bisa didadekake sarana nyinaoni kajian pendhidhikan karakter ing reiptan sastra mligine dongeng, lan bisa dadi wujud nyata pangetrapan kawruh sawetara saka bangku kuliyah, (2) Panliten iki dikarepake bisa dadi acuan pamaos mangerteni lan nyinaoni ngenani nilai-nilai pendhidhikan karakter ing reiptan sastrane kang diandharake pangripta, (3) Tumrap pamulangan sastra asil panliten iki bisa menahi tuladha ngenani nilai-nilai pendhidhikan karakter kang ana sajroning dongeng kang bisa dadi patuladhan.

## TINTINGAN KAPUSTAKAN

### Nilai Pendhidhikan Karakter

Pendhidhikan karakter bisa mangun daya lan watak manungsa kang nduweni budi pakerti kang luhur, pinter, kreatip, mandhiri lan dadi manungsa kang nduweni tanggung jawab. Wiyani (2011:47) ngandharake yen pendhidhikan karakter ana nilai-nilai kang bisa didadekake patuladhan marang bocah. Koesoema (2010:198) ngandharake yen nilai minangka kuwalitas sawijining bab kang ndadekake bab iku disenengi, dipengini lan nduweni guna, saengga bisa dadi sawijining objek tumrap kepentingan tartamtu. Nilai uga minangka sawijining bab kang nduweni makna sajroning urip, kang menahi isi lan tujuwan. Nilai minangka bab kang ditengenake dening manungsa minangka *subjek*.

Wiyani (2012:41) ngandharake yen karakter minangka ciri kang diduweni *individu* utawa samubarang. Ciri khas kasebut minangka bab kang asli sing ana sajroning kapribadhen individu utawa samubarang, sarta minangka piranti kang nyurung supaya manungsa iku nglakoni tumindak. Salaras karo Wiyani, Said (2011:1) ngandharake yen karakter yaiku ciri khas sawijining pawongan, saengga bisa mbedakake antarane wong siji karo liyané.

Pendhidhikan karakter yaiku proses penyaluran nilai-nilai panguripan kang dirembakakake sajroning kapribadhen sawijining manungsa saengga bisa nyawiji sajroning uripe. Sajroning andharan kasebut, ana pamikiran kang wigati yaiku proses penyaluran kang ngrembaka sajroning kapribadhen lan ndadekake salah sawijining tumindak (Gaffar sajroning Wiyani, 2012:42).

Saka andharan kang ana, bisa dimangerteni yen pendhidhikan karakter mujudake samubarang kang sipate menahi panggladhen marang bocah sing gegayutan karo samubarang kang becik supaya bocah bisa weruh lan mangerteni nilai-nilai kang trep lan samestine didadekake tuladha ing saben dinane. Pendhidhikan karakter nduweni piguna yaiku ngrembakakake potensi dhasar supaya nduweni ati, pamikiran, sarta tumindak kang apik

saangga bisa ningkatake peradhaban bangsa kang *kompetitif*. Mula saka iku sajroning pendhidhikan karakter ana nilai-nilai kang kinandhut lan bisa diterapake marang bocah.

Nilai Pendhidhikan karakter mujudake nilai kang kinandhut sajroning pendhidhikan karakter minangka pedhomane Rencana Aksi Nasional Pendhidhikan Karakter Nasional taun 2011 nganti 2014 (<http://www.slideshare.net/pristiadiutomo/naskah-rankemendiknasrev2.2010:3>) yen fase kawitan pendhidhikan karakter nengenake marang pamangun, pangrembakane, lan pambinaane nilai jujur, cerdas, tangguh lan pedhuli. Perkara kasebut saka kasepakatan bebarengan sajroning Kementerian Pendidikan Nasional Indonesia lan Kebijakan Nasional Pendidikan Karakter kang diamanatake dening Presiden ing acara puncak dina Pendidikan Nasional tanggal 11 Mei 2011 sing kepingin nyanangake pendhidhikan karakter taun 2011 nganti 2014. Pendhidhikan karakter kang dicanangake, yaiku (1) Karakter kang sumber saka ati kang sajrone ana karakter taat marang Gusti, **jujur**, amanah, tanggung jawab, patriotik, tresna asih, wicaksana, adil, tanggung jawab lan gedhe pangapura. (2) Karakter kang sumber saka olah pikir kang sajrone ana karakter **cerdas**, kritis, kreatif, inovatif, nduwe rasa kapingin weruh kang gedhe, nduweni kawruh kang jembar, lan reflektif, (3) Karakter kang sumber saka olahraga utawa kinestika kang sajrone ana karakter kuwat, **tangguh**, kooperatif, sabar, sregep lan mandhiri. (4) Karakter kang sumber saka olah karsa lan rasa kang sajrone ana karakter nduweni sipat kakaluwargaan, bisa nregani, gotong royong, nduweni unggah ungguh, **pedhuli**, ngutamakake kapentingan umum, seneng nulung, nduweni rasa kurmat marang sasama lan seneng nulung

Saka jinis-jinis karakter kang ana sajroning olah ati, olah pikir, olah raga lan olah rasa lan karsa, saben jinise dijupuk sawijining karakter minangka dhasar karakter kang ditindakake sajroning lingkungan Dikti. Karakter kasebut yaiku jujur, cerdas, tangguh, lan pedhuli.

#### **Tintingan Struktur**

Riptan sastra mujudake sawijining totalitas kang diwangun dening peranganing unsur. Salah sawijining unsur pamangun sastra yaiku unsur intrinsik. Struktur riptan sastra mujudake sesambungan antarane unsur intrinsik kang saling nemtokake lan nduweni daya pangaribawa (Nurgiyantoro, 2005:36). Analisis struktural nduweni tujuwan kanggo mbongkar lan maparake kanthi tliti gegayutane sakabehe perangan riptan sastra kang bisa nuwuhake makna wutuh. Analisis uga ditujokake kanggo ngandharake kanthi titi, tliti, lan premati saangga bisa dimangerteni kanthi wutuh (Teeuw, 2003:112).

Analisis struktural bisa ditindakake kanthi cara ngidentifikasi, nintingi lan ngandharake unsur intrinsik kang nduweni gegayutan (Nurgiyantoro, 2005:37). Kawitane yaiku ngidentifikasi, tuladhane ngidentifikasi kepriye kahanan prastawa-prastawa sajroning crita, alur, paraga, latar lan sapanunggalane. sawise iku, diandharake kepriye fungsine saben unsur kasebut saangga bisa menahi gambaran makna sakabehe lan mangun totalitas makna kang wutuh.

Panliten dongeng biyane supaya luwih gampang anggone nlinti nggunakake teori struktur Vladimir Propp kang nganalisis struktur naratif. Struktur propp ora nengenake paraga nanging tumindak utawa aksine paraga kang sabanjure diarani fungsi. Unsur kang dianalisis yaiku motif, bab sing paling cilik kang mangun tema. Ing panliten iki ora nggunakake tintingan kasebut, nanging nggunakake analisis struktur kaya umume supaya luwih cetha anggone mangerteni saben unsur. Unsur kang ditliti ing panliti iki ora kabeh dijlentrehake nanging mung marang perangan unsure intrinsik wae kayata tema, alur, paraga lan latar. Babagan iki dilakoni amarga analisis struktur digunakake kanggo tataran kang awal sadurunge analisis kang kaloro ditindakake lan dadi pambiyantu kanggo ngonceki analisis supaya luwih gampang. Aspek struktur kang ditintingi dipunjerake marang tema, alur, paraga, lan latar.

#### **Tema**

Stanton (sajroning, Nurgiyantoro, 2005:70) ngandharake tema yaiku sawijining carita kanthi mligi ngandharake saperangan unsur kang dadi cara kang biyasa. Dhasar carita kasebut yaiku perkara kang dadi punjere pangripta ngrembakake carita. Pamawas kasebut saemper karo pamawase Aminudin (1987:91) kang ngandharake tema yaiku idhe kang dadi dhasare carita saangga nduweni paedah minangka punjere pangripta njlentrehake riptan fiksi kang diripta. Pangripta sajrone nulis critane ora mung arep crita, nanging ngandharake marang pamaos kang bisa arupa babagan panguripan, kedadean lan tumindake paraga sajrone crita kang sekabehane dilandhesi karo idene pangripta.

#### **Paraga**

Paraga mujudake pawongan kang ditampilake sajroning karya naratif utawa drama, kang dening pamaos ditafsirake nduweni kualitas moral lan patrap tartamtu, kayata kang diwedharake ing pocape lan apa kang kaleksanan sajroning patrape.

Nurgiyantoro (2005:176-190) njlentrehake paraga diwawas saka peranane utawa tataran pentinge paraga ing sawijining crita ana paraga utama (*central character*) lan paraga tambahan (*peripheral character*). Paraga utama (*central character*) yaiku paraga kang kalebu wigati lan ditampilake kanthi terus-terusan saangga krasa ndominasi saperanganing crita. Dene paraga tambahan (*peripheral character*), yaiku paraga-paraga kang mung ditampilake sepisan utawa luwih ing crita lan porsi critane biasane mung sethithik.

#### **Alur**

Carita yaiku kedadeyan kang gegayutan adhedhasar urutan utawa sesambungan tartamtu. Sawijining runtutan kedadeyan kang gegayutan adhedhasar urutan wektu, kedadeyan utawa sesambungan sebab akibat saangga mujudake sawijining kesatuwan kang wutuh lan rancak sajroning prosa fiksi diarani alur (Najid, 2003:27).

Aristoteles (sajroning Nurgiyantoro, 2010:144-145) ngandharake yen tataran alur sajroning prosa fiksi iku ana 3 yaiku 1) Tahap awal (*beginning*), 2) Tahap tengah (*middle*), 3) Tahap pungkasan (*end*) minangka tataran mungkasi konflik.

#### **Latar**

Tegese latar utawa seting luwih tumuju marang

panggonan, gegayutan karo wektu, lan kahanan dumadine kedadeyan kang dicritakake (Abrams sajroning Nurgiyantoro, 2005:216). Saemper karo panemu Abrams, Wellek lan Warren (1990:220-221) ngandharake latar nduweni paedah kanggo ngekspresikake wewatekan lan pepenginan, nduweni gegayutan kang raket karo alam lan manungsa.

## **METODE PANLITEN**

### **Ancangan Panliten**

Panliten ngenani Nilai pendhidhikan karakter sajroning dongeng-dongeng Asia kanggo bocah mujudake panliten kualitatif. Moleong (1998: 3) ngandharake yen panliten kualitatif minangka panliten sing ngasilake dhata deskriptif arupa tetembungan sing tinulis utawa lisan saka pawongan-pawongan lan salah bawane sing diteliti. Pamarekan kualitatif minangka sawijining panliten ngenani analisis isi sing luwih nengenake babagan makna saka teks tinimbang dhata arupa angka kaya ing panliten kuantitatif, saengga asiling panliten iki arupa deskripsi.

### **Sumber Data lan Data ing Panliten**

Sajroning panliten iki, nggunakake sumber data arupa buku dongeng DDAKB jilid 1 nganti 3 sing dijarwakake dening Drs. Singgih Wibisono. Cita sajroning DDAKB jilid 1 nganti 3 iki ana 12 lan caritane saka negara-negara ing Asia. Isine DDAKB saben jilid ana 4 carita yaiku jilid 1 ana carita Manuk Gagal lan Manuk Greja, Cangkrana Menyang Suwarga, Si Mitra lan Si Satru, lan Mulabukane Gunung Abang, dene jilid 2 ana carita Jejaka Karo Macan, Thao Kham Tukang Mbalang, Makato lan dhuwit kerang, sarta Dongenge Jambe Suruh. Ing jilid 3 ana carita Mulabukane ana Pari, Bojo Wujud Gambar, Wong Gundhul Papat, lan Lelakone Prabu Sutan.

Data sajrone panaliten iki ora arupa angka nanging data panaliten iki arupa ukara utawa tembung sajrone DDAKB sing ana gegayutane karo undering panliten. Yaiku ngenani struktur carita mligine babagan tema, paraga, alur, lan latar. Dene kanggo undering panliten sing kaping loro yaiku ngenani apa wae nilai pendhidhikan karakter kang kinandhut sajroning DDAKB.

### **Teknik Panliten**

#### **Tata Cara Pangumpulan Data**

Panliten iki nggunakake metode telaah struktur. Telaah struktur yaiku panliten sing nлити struktur sing didadekake acuan ing panliten. Telaah struktur nлити unsur-unsur kang dadi pamangune carita kayata unsur intrinsik lan ekstrinsik (Ratna, 2004:24). Struktur kang dadi acuan panliten yaiku struktur carita DDAKB jilid 1 nganti 3 sing gegayutan marang nilai pendhidhikan karakter

#### **Tata Cara Panulisan Asiling Panliten**

Tata cara panulisane asiling panliten mujudake carane panliti kanggo nyuguhake asiling panliten arupa analisis data sing mujudake laporan tulis. Data-data ngenani nilai pendhidhikan karakter kang kinandhut saben carita DDAKB diandharake lumantar struktur mligine babagan tema, paraga, alur lan latar. Kaya sing

wis kaandharake ing metode panliten, panliten iki nggunakake metode deskriptif analisis.

## **ANDHARAN ASILING PANLITEN**

### **Struktur Carita DDAKB Babagan Tema, Paraga, Alur lan Latar**

#### **1. Manuk Gagak lan Manuk Greja (MGMG)**

Carita MGMG iki nyritakake manuk Gagak kang tumindak licik nalika dheweke tandhing klawan Manuk Greja. Ing carita iki, Manuk Gagak nglakoni tumindak kasebut supaya bisa mangan manuk Greja. Saka kapinterane manuk Greja, manuk Gagak malah dadi korban saka tumindake dhewe. Manuk Gagak pungkasane nemoni patine amarga dheweke tumindak licik lan ora blaka nalika tandhing klawan manuk Greja.

Sajroning reriptan sastra, tema minangka unsur wigati kang dadi dhasar pangripta kanggo ngrembakakake carita. Adhedhasar saka andharan carita kasebut nuduhake ana piwulangan ing carita kasebut, mula saka iku bisa didudut tema sajroning carita MGMG yaiku pendhidhikan, mligine nuduhake tumindak licik lan ora blaka. Paraga kang ana ing carita MGMG iki ana 2 yaiku Manuk gagak lan Manuk Greja. Manuk Gagak yaiku mitrane manuk Greja, nanging manuk Gagak nduweni sipat kang licik lan ora jujur, dene manuk greja nduweni sipat kang apik, dheweke blaka lan setya marang mitra. Alur sajroning carita iki yaiku kagolong alur maju, dene latar kang onja ing carita iki panggonan yaiku latar padesan.

#### **2. Cangkrana Menyang Suwarga (CMS)**

Wong kang nduweni pangkat kang dhuwur tapi isih bisa dipinteri dening andhahane iku kagambar ing carita CMS. Ing carita iki dicaritakake ana Ratu kang bodho banget sing nduweni Patih kang sugih akal nanging akale kasebut kanggo ngakali Ratu sing bodho supaya dheweke bisa urip mulya. Sang Ratu precaya banget marang patihe nganti apa sing dikandhakake mesthi dipercaya tanpa nлити dhisik apa bener sing dikandhakake Patihe. Nanging kabeh tumindak ala mesthi wae bakal oleh piwalese. Saka tumindak alane Patih, dheweke malah nampa patine.

Saka andharan carita kasebut bisa didudut tema kang diangkat sajroning carita. Tema mayor ing carita CMS iki yaiku kritik sosial, mligine kritik sosial sing ditujokake marang wong sing senadyan nduweni pangkat kang dhuwur tapi isih bisa dipinteri dening andhahane sing luwih pinter. Paraga ing carita iki ana 2 yaiku Ratu lan Patih. Ratu wong kang bodho banget, dene patihe sugih akal nanging kapinterane digunakake kanggo tumindak ala yaiku mbodhoni ratu. Alur carita CMS kagolong alur maju, dene latar kang paling onja ing carita iki yaiku latar panggonan kraton.

#### **3. Si Mitra lan Si Satru (SMSS)**

Carita SMSS nyritakake si Mitra kang becik atine ketemu karo si Satru kang ala atine. Wong loro mau banjur ngumbara bebarengan. Nalika ngumbara bareng si Satru nduweni panemu supaya sangu kang digawa becike ora didhudhah bebarengan supaya ora gampang entek. Amarga saka alane ati si Satru, tekan sawijining dina nalika sangune Si Mitra entek, dheweke ora gelem andum sangune marang si Mitra. Wong loro iku banjur

pepisahan. Si Mitra banjur nerusake lelungane iku dhewean.

Nuju sawijining dina si Mitra banjur meruhi bab kang nyalawadi sing dicaturake dening para kewan galak. Si Mitra kang meruhi bab kang nyalawadi iku banjur mbuktekake bener apa orane. Nalika iku ana putri kang nandang lara. Si Mitra banjur nambani larane sang putri, lan bisa waras. Si Mitra banjur didhaupake karo putri kasebut. Sawijining dina Si Mitra weruh Si Satru. Si Satru banjur takon kepriye bisane dadi mulya uripe. Mitra banjur nyritakake kabeh lelakone. Satru dadi ewa banget weruh Mitra mulya uripe, banjur dheweke nglakoni apa kang dilakoni si Mitra. Pungkasane amarga saka alane ati, Satru pungkasane nandang sengsara amarga tumindake. Dheweke dipangan kewan galak banjur Mitra kang becik atine uripe bisa mulya.

Adhedhasar saka ringkesan carita kasebut, bisa didudut tema mayor carita SMSS yaiku pendhidhikan, mligine ngenani kabecikan kang bisa gawe urip mulya. Paraga kang ana ing carita iki ana 2 yaiku Si Mitra lan Si Satru. Mitra nduweni watek kang becik dene Satru wateke ala. Alur carita iki kagolong alur maju, dene latar kang paling onja ing carita iki yaiku latar krajaan.

#### 4. Mula Bukane Gunung Abang (MBGA)

Carita MBGA nyritakake raja kang kedanan drajat. Nalika iku, Prabu lagi numpes iwak cucut kang cacah ewon sing gawene nyerang rakyat. Maneka cara wis dilakoni kanggo numpes iwak kasebut, nanging ora tau kasil lan malah akeh wadyabalane sing mati amarga iwak kasebut. Sawijining dina, ana Bocah Lanang kang meruhi kedadeyan kasebut. Si Anak Lanang kang lantip pamikire menahi pamawas marang Sang prabu supaya njejer gedebog ing pinggir segara, amarga kanthi cara kasebut ora bakal ana prajurit sing mati jalaran diserang iwak cucut. Saka kapinteran Bocah Lanang pungkasane iwak cucut bisa ditumpes lan para prajurit bisa dislametake.

Sang Prabu kasil numpes iwak cucut amarga saka kapinterane Bocah Lanang kasebut, nanging Prabu sing wis direwangi malah arep mateni Bocah Lanang kasebut amarga wedi bakal mbabayani keprabone. Ing kene cetha banget Prabu minangka wong kang kedanan drajat. Dheweke malah tega mrentah prajurite supaya mateni Bocah Lanang kasebut.

Adhedhasar saka andharan carita kasebut, mula bisa didudut tema mayor ing dongeng MBGA iki yaiku tema sosial, mligine wong kang kedanan drajat. Paraga kang onja ing carita iki ana 2 yaiku paraga prabu lan anak lanang. Prabu kagolong wong kang kedanan drajat, dene anak anak lanang nduweni ati kang becik saliyané iku uga kagolong bocah kang pinter. Alur carita MBGA kagolong alur maju, dene latar kang onja ing carita iki yaiku gisiking segara.

#### 5. Jejaka Karo Macan (JKM)

Carita JKM nyritakake ana Jejaka kang nulungi Bocah Wadon sing lagi kweden amarga arep dipangan Macan. Jejaka kang meruhi kedadeyan kasebut banjur nyusun rencana supaya bisa nylametake Bocah Wadon kasebut. Pungkasane Jejaka kasil ngalahake macan. Saka pitulungane Jejaka, Bocah Wadon kasebut bisa slamet saka macan sing arep mangan dheweke lan banjur njaluk marang Jejaka supaya ngrabi dheweke minangka wujud

rasa matur nuwune. Manungsa urip ing donya iki ora bisa dhewe. Mula saka iku, manungsa kudu padha tulung tinulung karo liyané kaya dene sipate pahlawan. Jejaka kasebut nduweni sipat kepahlawanan. Kepahlawanan yaiku sipat kang seneng nulungi sadurunge marang liyan lan tumrap sing ditulungi dheweke dianggep minangka pahlawan kang mbiyantu dheweke.

Saka andharan kasebut bisa dimangerteni yen Jejaka iku nduweni sipat nulung kaya dene pahlawan. Mula saka iku bisa didudut, tema mayor ing Carita JKM yaiku tema kepahlawanan, mligine seneng nulung sanadyan wong sing ditulungi iku ora dikenali. Paraga kang paling onja ing carita iki ana 2 yaiku paraga jejaka lan bocah wadon. Jejaka nduweni sipat seneng nulung dene bocah wadon kagolong bocah kang weden. Alur ing carita iki kagolong alur maju, dene latar kang paling onja yaiku latar omah.

#### 6. Thao Kham, Tukang Mbalang (TKTM)

Carita TKTM iki nyritakake bocah kang lumpuh sing aran Thao Kham. Dheweke pinter banget mbalang. Sawijining dina, raja meruhi kaprigelane mbalang Thao Kham. Raja banjur nduweni pamawas nggunakake kaprigelane Thao Kham kanggo menahi piwulang marang patihé supaya ora kakehan gunem. Dheweke ngutus Thao Kham mbalang patihésing kakehan gunem supaya patih liyané bisa laporan kanthi kepenak lan ora keganggu dening patih sing kakehan gunem kasebut.

Thao Kham banjur nglaksanakake prentahe Raja, kanggo mbalang cangkeme patihé supaya ora kakehan gunem. Saben patihé arep ngomong, Thao Kham mbalang Patih kasebut nganggo lempung cilik. Pungkasane amarga kedadeyan kasebut Patih kang sugih gunem mau ora tau ngrusuhi patih liyané maneh yen pinuju ana ing pasowanan.

Saka andharan carita kasebut bisa dimangerteni yen manungsa ing donya iki ora bisa urip dhewe. Antarane manungsa siji lan liyané mesthi wae padha mbutuhake, saengga saben manungsa kudu bisa ngregani antarane manungsa siji lan liyané. Kabeh manungsa kudu diregani, sanadyan ta wong kasebut pangkate sangisore. Mula saka iku bisa didudut, tema mayor ing carita TKTM yaiku tema pendhidhikan, mligine ngenani ngregani lan ngormati wong liya. Paraga paling onja ing carita iki ana 3 yaiku, Thao Kham, Raja lan Mantri. Thao kham prigel banget anggone mbalang. Raja kagolong raja kang wicaksana lan pinter, dene mantri nduweni watek menange dhewe, dheweke ora gelem ngrungokake liyan sarta sugih gunem. Alur carita TKTM kagolong alur maju, dene latar kang paling onja ing carita iki yaiku latar panggonan kraton.

#### 7. Makato lan Dhuwit Kerang (MDK)

Carita MDK iki nyritakake pawongan kang nduweni tekad kang gedhe sajroning uripe. Makato nduweni tekad kang gedhe kanggo mulyakake uripe. Dheweke anggone mulyakake uripe yaiku kanthi cara nyambut gawe tenanan. Makato ngumbara menyang negara Sukothai supaya uripe bisa luwih apik maneh, amarga ing negara kasebut dheweke keprungu yen rajane nduweni ati kang becik, saengga Makato nduweni pangarep-arep menawa ing negara kasebut dheweke bisa urip luwih mulya.

Makato kepethuk Raja Sukothai, raja kasebut ora sengaja nyeblokake dhuwit kerang lan diwenehake Makato. Dhuwit kerang saka raja kasebut banjur ditukokake sladha. Sladha kang ditandur Makato tuwuh kanthi subur lan akeh. Raja kang weruh sregepe lan tekade Makato kang dhuwur banjur ngajak dheweke menyang kraton lan didadekake mantune. Saka tekade kang gedhe Makato bisa nggayuh apa sing dipengini.

Adhedhasar andharan carita kasebut bisa dimangerteni yen samubarang kang dilakoni kanthi becik lan tekad kang gedhe sarta tenanan bakal ngundhuh kamulyan. Manungsa iku maneka warna, ana sing nduweni tekad kang gedhe kanggo mulyakake uripe sarta uga ana sing kang nglakoni urip iku kanthi biyasa wae tanpa anane tekad kang gedhe. Manungsa nyukupi kabutuhan kanthi cara nyambut gawe. Wong kang nduweni tekad kang gedhe lan uga kanthi temenan anggone nyambut gawe ing tembe bakale ngundhuh apa sing dipengeni. Mula saka iku, bisa didudut yen tema mayor ing carita MDK yaiku pendhidhikan, mligine ngenani ngundhuh wohing pakarti. Paraga kang onja ing carita iki ana 3 yaiku Makato, wong tuwa wadon, sarta Raja Sukothai. Makato nduweni wewatekan yaiku sregep sarta nduweni panjangka kang dhuwur, dene wong tuwa wadon nduweni watek seneng nulung, banjur Raja Sukothai kagolong raja kang wicaksana. Alur ing carita iki kagolong alur maju, dene latar kang paling onja ing carita iki yaiku latar panggongan ing padesan.

#### 8. Dongenge Jambe Suruh

Dongeng DJS nyritakake rasa tresna asih mring sasama. Cao Tan lan Cao Lang kang minangka sedulur kembar, padha-padha nresnani wong wadon kang jenenge Xuan Phu. Cao Lang kudu nglalakake Xuan Phu dirabi Cao Tan. Cao Lang sing ora pengen ngrusak bale wismane kakange banjur lunga saka omah. Dheweke ngumbara ora weruh jluntrunge lan pungkasane dheweke nemoni pati. Cao Lang saka aboting katresnanan lan gedhening lelabuhane marang Xuan Phu, ragane dadi gunung gamping.

Cao Tan kang tresna banget marang dulure banjur nyusul Cao Lang, dheweke uga nemoni patine nalika ngumbara nggoleki adhine. Cao Tan nemoni patine ing gunung gamping. Saka gedhene pangurbanane Cao Tan, ragane malih dadi wit jambe. Xuan Phu kang uga tresna banget marang bojo lan ipene nyusul kalorone lan uga nemoni patine nalika ngumbara. Xuan Phu ragane malih dadi suruh, thukul mrambat ing wit jambe sandhuwure gunung gamping.

Saka andharan kasebut bisa dimangerteni yen rasa tresna asih mesthi diduweni saben manungsa, kayata tresna asih marang wong tuwa, sedulur, kanca, lan sapanunggalane. Mula saka iku, adhedhasar andharan carita kasebut nuduhake tema mayor ing carita DJS yaiku tema sosial, mligine tresna asih mring sasama. Paraga ing carita sing paling onja ana 3 yaiku Cao Lang, Cao Tan lan Xuan Phu. Cao Lang nduweni sipat sabar sarta tresna banget marang sedulure. Cao Tan uga semana uga, dheweke uga tresna banget marang sedulure, nanging dheweke gampang nesu, dene Xuan Phu nduweni watek setya marang bojone. Alur ing carita iki kagolong alur

maju, dene latar kang paling onja ing carita iki yaiku latar panggongan omah.

#### 9. Mulabukane Ana Pari (MAP)

Carita MAP nyritakake kapedhuliane Bathara Guru marang rakyat pajajaran. Bathara Guru menahi winih pari amrih rakyat pajajaran ora kaliren maneh. Pari kang diwenehake marang rakyat pajajaran yaiku thukulan pari kang tuwuh saka kuburane Dewi Sri. Dewi Sri yaiku dewi kang netes saka endhog kang dumadi saka luhe Antaboga. Dewi Sri diperjayani dening para dewa amarga para dewa was-was yen ing tembe mburi Dewi Sri bakal dipundhut garwa dening Bathara Guru. Saka kapedhuliane Bathara Guru rakyat Pajajaran ora nandang luwe maneh. Nanging pari-pari ing pajajaran ora thukul kanthi gampang, ana buta kang aran Lembu Gumarang ngorat-arit sawah ing Pajajaran. Bathara Guru banjur ngutus Sulanjana supaya nglereni Lembu Gumarang. Kanthi kasektene Sulanjana, dheweke bisa kasil ngalahake Lembu Gumarang.

Adhedhasar andharan carita kaebet nuduhake kapedhuliane Bathara Guru marang rakyat Pajajaran. Saka sipat pedhuline Bathara Guru kang menahi winih pari ndadekake rakyat Pajajaran ora nandang luwe maneh. Mula saka iku, bisa didudut tema mayor ing carita MAP yaiku pendhidhikan mligine kapedhulian marang liyan. Paraga ing carita iki sing paling onja yaiku ana 5 yaiku Bathara Guru, Dewi Sri, Antaboga, Lembu Gumarang lan Sulanjana. Bathara Guru dewa kang wicaksana lan predhuli banget marang rakyat pajajaran, dene Dewi Sri yaiku dewi kang ayu sarta becik atine saengga akeh sing tresna marang dheweke. Ing carita iki saliyané paraga kasebut ana paraga Antaboga, Lembu Gumarang lan Sulanjana. Antaboga nduweni watek dheweke manut marang prentah, Lembu Gumarang buta kang seneng ngrusak dene Sulanja dewa kang sekti mandraguna. Alur carita iki kagolong alur maju, dene latar kang paling onja yaiku latar padesan.

#### 10. Bojo Wujud Gambar (BWG)

Carita BWG nyritakake rasa tresna kang gedhe sing diduweni Gombei lan bojone. Bojone Gombei iku wong wadon kang ayu banget saengga ana pangeran kang pengin ndadekake bojo. Bojone Gombei banjur digawa menyang krajaan, nanging sadurunge digawa lunga, bojone pesen yen Gombei kudu mara menyang krajaan nggawa cemara ing pletheke taun anyar kanggo.

Saben dina Gombei kanthi setya ngenteni taun anyar supaya bisa nemoni bojone. Pungkasane nalika taun anyar dheweke menyang krajaan nggawa cemara sing dipesen bojone. Bojone kang tansah tresna banget marang Gombei, bungah banget nalika meruhi tumekane Gombei ing krajaan. Pranyata kanthi cemara kasebut minangka cara kanggo bisa nyawijikake Gombei lan Bojone. Pangeran kang weruh Bojone Gombei mesem kanthi sumringah, ngajak Gombei liron sandhangan.

Sawise nganggo sandhangan Gombei kang amoh, pangeran ngubengi taman lan nawakake cemara. Ora sadhar dheweke tekan ing ngarep regol. Bojone Gombei banjur ngutus prajurit supaya nutup regol kasebut. Pungkasane pangeran ora bisa mlebu menyang kraton amarga ora ana sing kenal jalaran sandhangan kang amoh. Gombei lan bojone banjur urip mulya ing kraton.

Saka andharan carita kasebut nuduhake rasa tresna kang gedhe sing diduweni gombei lan bojone sanajan Gombei lan bojone kepisah nanging isih setya ngenteni lan ngupayakake supaya bisa urip bebarengan. Adhedhasar andharan kasebut, bisa didudut yen tema mayor ing carita BWG yaiku tema sosial, mligine katresnan. Paraga ing carita iki ana 3 yaiku Gombei, bojone Gombei sarta pangeran. Katelune nduweni watek lan sipat kang beda-beda. Gombei wong kang tresna banget sarta setya banget marang bojone, semono uga bojone Gombei, dheweke uga tresna sarta setya banget marang Gombei. Dene pangeran nduweni watek kang sakarepe dhewe, dheweke tega misahake Gombei lan bojone. Dideleng saka caritane, alur ing carita iki kagolong alur maju. Latar ing carita iki sing paling onja yaiku latar panggonan kraton.

#### 11. Wong Gundhul Papat

Carita WGP nyritakake wong sing nulung tanpa pamrih. Ana tukang Kranjang kang lagi menek wit aren. Amarga ora ngati-ati dheweke keplese lan gumantung ing wit kasebut. Tukang Kranjang banjur njaluk tulong marang wong kang lagi nunggang gajah. Wong kasebut banjur nulungi Tukang Kranjang nanging ora kasil, malah dheweke uga melu gumantung ingwit aren. Pungkasane ana Wong Gundhul Papat mlaku. Wong loro kasebut banjur njaluk tulong.

Wong gundhul golek jaring kanggo nulungi kalorone. Jaring banjur ditalekake ing gulune Wong Gundhul Papat, amarga saking antebe, Wong Papat Gundhul kasebut benthusan lan nemoni patine. Wong loro sing ditulung kasebut slamet, banjur ninggalake Wong Gundhul Papat tanpa mredhulikake kahanane Wong Gundhul Papat.

Andharan carita kasebut nuduhake yen Wong Gundhul Papat nulungi Tukang Kranjang lan Wong Nunggang Gajah kanthi tanpa pamrih. Wong Gundhul Papat malah nemoni patine amarga nulungi wong loro kasebut. Adhedhasar andharan kasebut, bisa didudut tema mayor carita WGP iki yaiku pendhidhikan, mligine kabecikan, kabecikane yaiku nulung tanpa pamrih. Ing carita iki ana 6 paraga kang paling onja yaiku wong gundhul papat, tukang kranjang sarta wong nunggang gajah. Katelune nduweni watek kang beda-beda. wong gundhul papat nduweni sipat seneng nulung. Dene tukang kranjang lan wong nunggang gajah nduweni sipat ora netepi janji sarta ora nduweni sipat pedhuli. Saka ringkesan carita kasebut nuduhake alur carita iki kagolong alur maju, dene latar kang paling onja ing carita iki yaiku latar dalan.

#### 12. Lelakone Prabu Sutan (LPS)

Carita LPS iki nyritakake tresna kang gedhe sing diduweni dening Prabu Sutan marang Dewi Cempaka Biru. Sepira gedhene alangan sing diadhepi Prabu Sutan, alangan kasebut ora ngelongi tresnane Prabu Sutan, malah dheweke bakal ngupayakake apa wae supaya dheweke bisa kumpul maneh karo Dewi Cempaka Biru. Sanajan nyawa sing dadi tohane.

Tresnane Prabu Sutan kabukten nalika dheweke nyusul Dewi Cempaka Biru menyang kahyangan. Prabu Sutan nyusup menyang kratone Dewi Cempaka Biru kanthi cara memba-memba dadi wong tuwa sing sekti mandraguna. Dewi Cempaka Biru nandang lara amarga

saking kapange marang Prabu Sutan. Ramane Dewi Cempaka Biru banjur ngutus para dhukun supaya nambani putrine nanging ora ana sing kasil nambani. Prabu Sutan kang memba dadi wong tuwa kang sekti banjur ditimbal menyang kraton supaya nambani putrine.

Dewi Cempaka Biru waras sawise meruhi yen sing nambani iku ora liya bojone yaiku Prabu Sutan. Dewi Cempaka Biru banjur carita marang ramane yen wong sing nambani dheweke iku ora liya yaiku bojo sing dirabi ing bumi. Ramane Dewi Cempaka Biru banjur aweh sarat marang Prabu Sutan yen kepingin diakoni dadi bojone Dewi Cempaka Biru. Sarat kang diwenehi ramane Dewi Cempaka Biru kasil dilaksanakake dening Prabu Sutan. Pungkasane Dewi Cempaka biru lan Prabu Sutan didhaupake maneh ing kahyangan. Saka andharan kasebut bisa dimangerteni yen wis bale krama kudu tresna marang pasangane nalika susah lan seneng. Katresnan sajroning bale wisma mujudake kahanan sosial sing ana ing sakupenge uripe manungsa. mula saka iku bisa dimangerteni, tema mayor ing carita LPS iki yaiku sosial mligine katresnan. Paraga ing carita iki sing paling onja ana 2 yaiku Prabu Sutan lan Dewi Cempaka Biru. Prabu Sutan wong kang pinter sarta sekti mandraguna. Saliyane iku, dheweke uga tresna banget marang Dewi Cempaka Biru. Dene dewi Cempaka biru nduweni watek tresna lan setya banget marang bojone. Alur carita iki kagolong alur maju, dene latar panggonan sing paling onja yaiku latar kahyangan.

#### Nilai Pendhidhikan karakter Sajroning DDAKB

Sawijining dongeng iku ora mung nyritakake sawijining perkara wae, nanging uga ngandhut nilai-nilai kang bisa patuladhane pamaos sajroning urip saben dina. Semana uga DDAKB uga ngandhut nilai-nilai mligine nilai pendhidhikan karakter. Nilai pendhidhikan karakter sajroning DDAKB iki dikarepake bisa dadi patuladhan kanggo mangun kapribadhene bocah supaya bisa dadi manungsa sing becik.

Pendhidhikan karakter yaiku proses *transformasi* nilai-nilai panguripan kanggo dirembakakake sajroning kapribadhene sawijining manungsa saengga bisa dadi manungsa kang becik. Dene nilai-nilai sing ana sajroning pendhidhikan karakter antara yaiku blaka, cerdhas, tangguh, lan predhuli. Nilai pendhidhikan karakter sajroning DDAKB diandharake kaya mangkene.

##### 1. Blaka

Blaka yaiku ngomong utawa nindakake apa wae kanthi apa anane (KBBI,1996:210). Blaka minangka nilai pendhidhikan karakter kang asale saka olah ati. Nilai pendhidhikan karakter kaperang dadi akeh sub bab antarane yaiku taat marang Gusti, blaka, amanah, adil, tanggung jawab, patriotik, tresna asih, wicaksana, lan gedhe pangapura. Saka karakter-karakter kasebut, blaka minangka dhasar nilai pendhidhikan karakter kang asale saka ati.

Manungsa kang nduweni sipat kang blaka bakal dadi manungsa kang luhur budine lan uga bakal dipercaya dening sapa wae. Sajroning DDAKB ngandhut sipat blaka kang bisa dadi patuladhan kanggo bocah kang maca carita kasebut. Bocah sawise maca carita kasebut dikarepake bisa ndudut nilai pendhidhikan karakter sing ana sajroning carita, mligine sipat blaka.

Blaka kasebut bisa dideleng saka carita MGMG. Sajroning carita kasebut, sipat blaka diduweni dening manuk Greja, kanthi nduweni sipat blaka dheweke bisa nemoni kabegjan. Sipat blakae manuk Greja kagambar nalika dijak tandhing mangan lombok dening manuk Gagak, dheweke tandhing kanthi cara blaka, beda maneh karo manuk Gagak, dheweke kang ala atine ora blaka anggongone tandhing mangan lombok. Babagan iki bisa dibuktekake saka pethikan kaya mangkene.

*manuk Greja mung ngguyu wae, karo manthuk-manthuk, pangirane si Gagak mung ngajak gojegan. Jalaran, ing ngendi ana wong memitran tegel mangan mitrane. Manuk Greja anggongone mangan lumrah wae, nanging kosokbaline si Gagak slingkuh. Saben mangan lombok, mesthi ngumpetake lombok telu ing ngisor klasa. Manuk Greja ora weruh.* (MGMG/ hal 9/ oktober/2011)

Manuk Greja kalah tandhing karo manuk Gagak amarga manuk Greja tandhing kanthi cara blaka dene manuk Gagak malah ngapusi anggongone mangan lombok. Manuk Gagak bisa menang saka manuk Greja, nanging kabeh tumindak alane bakal oleh piwalese. Saka tumindak alane manuk Gagak oleh piwales saka tumindake, dheweke pungkasane nemoni pati sadurunge mangan manuk Greja, dene kanthi sipat blakae, manuk Greja nemoni kabegjan, dheweke ora sida mati dipangan manuk Gagak. Kahanan kasebut bisa mangerteni saka pethikan kaya mangkene.

*Mbok tani iya banjur njupuk geni, nuli ditumpangake ing gegere Gagak. Sanalika wulune kebrangas kobong. Gagak sing ala atine mau gosong dadi awu. Dene manuk Greja bisa urip nganti tuwa.* (MGMG/ hal 14/ oktober/2011)

Saka andharan sing wis dinjlentrehake bisa didudut yen sapa sing blaka bakale dheweke ngundhuh kawulyan ing tembe mburine, lan sapa wae kang ora blaka ing tembe mburine dheweke bakal ngundhuh apa sing wis ditindakake. Sabanjure bocah sing wis maca carita kasebut dikarepake bisa ndudut nilai-nilai kang becik sajroning carita lan bisa ngecakake sajroning urip saben dinane, saengga bisa mangun karaktere bocah kasebut supaya ing tembe mburine bisa dadi manungsa sing nduweni budi kang luhur lan migunani tumrap masyarakat.

#### Amanah

Amanah yaiku netepi apa sing diamanatake marang dheweke (KBBI, 1996:42). Amanah yaiku karakter kang sumbere saka olah ati. Pawongan kang nduweni sipat amanah, dheweke bakal dipercaya marang wong liya amarga dheweke bisa netepi samubarang sing wis diamanatke marang dheweke. Sipat amanah bisa kadeleng ing carita MAP lan TKTM. Ing carita MAP sipat amanah diduweni dening Antaboga. Antaboga netepi apa sing wis diamanatake dening Bathara Guru marang dheweke yaiku Antaboga kudu ngupakara endhog nganti endhog kasebut netes lan yen wis netes, tetesane endhog kasebut diaturake marang Bathara Guru. Sipat amanah kasebut bisa dideleng saka pethikan kaya mangkene.

*Antaboga banjur mulih nggawa endhog lan diupakara kanthi becik. Wusana sawise sesasi*

*endhog mau netes, wujud bayi wadon kang ndhemenake. Bayi enggal-enggal digawa diaturake Bathara Guru, lan sabanjure dipundhut putra, dijenengake Dewi Sri.* (MAP/Hal 11/oktober/2011)

Saka pethikan kasebut, cetha banget yen Antaboga iku nduweni sipat amanah. Dheweke netepi apa sing diamanatake dening Bathara Guru. Sipat amanah uga bisa dideleng ing paraga Raja Pajajaran. Nalika iku ana saudagar saka manca kang kepingin nebas sakehing beras ing Pajajaran saperlu arep digawa lunga, nanging Raja Pajajaran ora gelem ngedol beras kasebut. Raja Pajajaran ora gelem ngedol beras amarga pari sing nuwuhake beras kasebut minangka paringane saka kahyangan, sing thukul saka pasareyane Dewi Sri. Bab kasebut kaya pethikan iki.

*Nuju sawijining dina ana saudagar kang ala wateke, asal saka manca, teka ing Pajajaran perlu dedagangan. Bareng weruh lan ngrasakake sega sing elok banget mau banjur kepingin nebas sakehing beras lan arep digawa lunga. Nanging sinuwun ing Pajajaran ngendika, "Pari iki satemene dudu darbeke manungsa, nanging paringan saka kahyangan, thukul saka pesareane Dewi Sri. Mula saka iku aku ora wenang ngedol marang kowe".* (MAP/hal 14/oktober/2011)

Adhedhasar pethikan kasebut nuduhake yen Raja Pajajaran nduweni sipat amanah. Raja Pajajaran ora gelem ngedol beras amarga pari sing nuwuhake beras kasebut minangka paringane saka kahyangan, sing thukul saka pasareyane Dewi Sri. Saliyane iku, sipat amanah uga bisa dideleng ing TKTM. Ing carita kasebut ana paraga kang jenenge Thao Kham, dheweke uga nduweni sipat amanah. Sipat amanah kasebut kabukten nalika raja menahi amanah supaya dheweke mbalang patihe sing kakehan gunem saengga patih liyane ora keganggu nalika lapuran ngenani jejibahane. Kahanan kasebut bisa dideleng saka pethikan kaya mangkene.

*Sang prabu nuli ngendika menyang Thao Kham, "Saiki rungokna. Iki mengko ana wong sing daktimballi seba, lungguhe ana ing ngarepmu bener. Lan mengko saben dheweke arep kumecap, cangkeme balangen glintiran lempung.* (TKTM/Hal 11/oktober/2011)

Pethikan kasebut nuduhake amanah sing kudu dilaksanakake dening Thao Kham. Thao Kham kang nduweni sipat amanah banjur nglaksanakake apa sing diamanatake marang dheweke. Kahanan kasebut bisa dideleng saka pethikan kaya mangkene.

*Ora antara suwe para mantri padha seba, nuli padha arep wiwit ngaturake palapurane dhewe-dhewe. Mantri sing sugih gunem, ora ngerti yen lagi dipaeka, wiwit kumecap arep guneman. Nanging lagi wae lambene arep obah, dibalang lempung karo Thao Kham.* (TKTM/Hal 17/oktober/2011)

Saka pethikan kasebut cetha banget yen Thao Kham iku nduweni sipat amanah. Dheweke netepi apa sing diamanatake marang dheweke. Saka sipat amanah, dheweke bisa awèh pambiyantu marang raja saengga patih liyane bisa lapuran kanthi kepenak lan Thao Kham pungkasane urip ing kraton kanthi mulya. Dadi bisa didudut wong kang nduweni sipat amanah iku bakal



dipercaya marang liyan saengga bisa nyenengake atine wong liya.

#### Tresna Asih

Tresna asih yaiku murunging ati marang liyan (Bausastra, 2000:797). Tresna asih mujudake karakter kang sumber saka olah ati. Tresna asih kadheleng ing carita DJS, BWG, lan LPS. Tresna asih kang kagambarake sajroning DJS ing paraga Xuan Phu marang bojone yaiku Cao Tan. Tresnane Xuan Phu kadheleng nalika dheweke nyusul bojone sing lunga ora mulih-mulih. Xuan Phu anggone nyusul bojone nganti dheweke nemoni pati. Kahanan kasebut bisa dideleng saka pethikan kaya mangkene.

*Salungane sing lanang, Xuan Phu ora kendhat-kendhat olehe ngarep-arep mulihe. Rong taun lawase meksa ora ana kabar bojone lan adhine ipe. Dheweke rumangsa kesepen. Esume banjur pamit marang maratuwane, nusul lungane bojone. Lakune nganti adoh banget, sadalan-dalan kudanan, kepanasan. Wis pesthine, Xuan Phu tekan ing panggonane wit jambe sing thukul ing sacedhake Gunung karang. Ing kono entek daya kakuwatane, nglumpruk banjur mati.* (DJS/Hal 39/oktober/2011)

Pethikan kasebut nuduhake gedhene rasa tresna asih Xuan Phu marang bojone. Dheweke lila kepanasan lan kudanan supaya bisa kepethuk karo bojone. Rasa tresna asih uga kagambar ing carita BWG. Katresnan sajroning BWG kagambarake dening paraga Gombei. Saking tresnane Gombei marang bojone. Saben Gombei kerja, dheweke bola bali mulih menyang omah saperlu pengin kepethuk bojone. Kahanan kasebut nuduhake yen Gombei tresna banget marang bojone. Gambaran kasebut bisa dideleng saka pethikan kaya mangkene.

*Yen dheweke lunga nggarap sawah, sedhela-sedhela mlayu mulih, banjur mbengoki sing wadon. “kowe isih ana ngomah?” mangkono kuwi saben dina nganti olehe nyambut gawe ora tau temanja.* (BWG/Hal 19/oktober/2011)

Saliyane pethikan kasebut, rasa tresna asih uga kagambar ing LPS. Rasa tresna lan welas asih kagambar ing paraga Dewi Cempaka Biru. Tresna asih Dewi Cempaka Biru bisa dideleng nalika dheweke nandang lara amarga sedhih ora bisa nemokake Prabu Sutan. Kahanan kaya mangkono bisa dideleng saka pethikan kaya mangkene.

*Nanging wis digoleki tekan ngendi-ngendi, sang dewi ora krungu wartane sang prabu, amarga menda-menda dadi wong tuwa. Suwe-suwe sang dewi nganti nandang lara saka sedhihe.* (LPS/Hal 35/oktober/2011)

Pethikan kasebut nuduhake yen Dewi Cempaka Biru tresna banget marang Prabu Sutan. Saking sedhihe amarga ora bisa kepethuk, sang dewi banjur nandang lara. Dadi bisa didudut rasa tresna asih iku wigati tumrap urip bebrayane manungsa, amarga tanpa anane rasa tresna lan welas asih manungsa ora bisa urip ayem tentrem.

#### Wicaksana

Wicaksana yaiku bisa nganggo budine klawan bener (Bausastra, 2000:849). Wicaksana mujudake karakter kang sumber saka olah ati. Wong kang wicaksana

kagambar ing TKTM. Sipat wicaksana kasebut iku diduweni dening Raja. Kanthi kawicaksanaane Raja mrentah marang Thao Kham supaya mbalang lempung marang mantrine sing kakehan gunem supaya mantri liyane bisa lapuran ngenani jebibahane kanthi kepenak. Kahanan kasebut bisa dideleng saka pethikan kaya mangkene.

*“aja gumun. Kowe dakkandhani,” pangandhikane sang prabu karo kedhep-kedhep. “Mantriku iki kakehan gunem, wong liya nganti ora kober guneman. Mulane aku kepengin weruh dheweke kepeksa ora bisa guneman.”* (TKTM/Hal 20/oktober/2011)

Saka pethikan kasebut nuduhake yen raja iku nduweni sipat kang wicaksana. Dheweke mrentah Thao Kham supaya mbalang mantrine sing kakehan gunem amrih mantri liyane bisa lapuran kanthi kepenak. Dadi kanthi sipat wicaksana bisa aweh katentreman marang wong liya sing mbutuhake kawicaksanaan.

#### Gedhe Pangapura

Saben manungsa mesthi wae mesthi tau nduweni salah. Mula saka iku, saben pawongan kudu gedhe pangapura marang wong liya sing nduwe salah. Gedhe pangapura mujudake karakter kang asale saka olah ati. Wong kang gedhe pangapura iki bisa dideleng ing MAP. Wong kang nduweni sipat gedhe pangapura ing carita iki yaiku Sulanjana. Dheweke menahi pangapura marang Lembu Gumarang sing nduweni luput kang gedhe tumrap rakyat pajajaran lan dheweke. Kahanan kasebut bisa dideleng saka pethikan kaya mangkene.

*Wusanane sikil sapi salah siji kena dicandhak, banjur diantang-antingake. Sapi dadi lumpuh sanalika, ora kuwasa ngadeg maneh, banjur mbengah seru njaluk pangapura. Sulanjana gelem aweh pangapura, anggere Lembu Gumarang lan sedulure loro pisan saguh melu ngreksa sawah salawas-lawase.* (MAP/Hal 16/oktober/2011)

Pethikan kasebut nuduhake yen Sulanjana iku wong kang gedhe pangapura. Dheweke gelem menahi pangapura marang Lembu Gumarang. Dadi bisa didudut yen wong kang gedhe pangapurane dheweke bisa aweh piguna marang wong liya.

#### Adil

Adil yaiku ora pilih asih sarta jejeg anggone nibakake pepancasan (Bausastra, 2000:4). Adil mujudake karakter kang asale saka olah ati. Karakter adil iki wis samesthine kudu diduweni dening para pamimpin anggone mimpin sawijining negara utawa pakumpulan. Wong kang nduweni rasa adil iki dicritakake ing dongeng TKTM. Dongeng kasebut nyritakake ana raja kang adil banget marang andhahane. Raja kasebut nduweni patih kang seneng gunem saengga patih liyane ora bisa lapuran jebibahane kanthi kepenak. Mula saka iku amrih adil, Sang Raja mrentah Thao Kham supaya mbalang patih kang kakehan gunem amrih dheweke sadhar marang tumindake. Bab kasebut bisa dideleng saka pethikan iki.

*“aja gumun. Kowe dakkandhani,” pangandhikane sang prabu karo kedhep-kedhep. “Mantriku iki kakehan gunem, wong liya nganti ora kober guneman. Mulane aku kepengin weruh dheweke*

*kepeksa ora bisa guneman.* (TKTM/Hal 20/oktober/2011)

Adhedhasar pethikan kasebut nuduhake Raja mrentah Thao Kham supaya mbalang patihe amrih patih liyane bisa lapuran kanthi kepenak. Patih kang dibalang Thao Kham ora bisa guneman maneh malah cangkeme kebak lempung. Raja kang sejati mangerteni kahanan kasebut banjur takon marang patihe kena ngapa kok patih kasebut ora lapuran marang Raja. Patih banjur mangsuli pitakonane raja yen dheweke saben arep ngomong ana kewan sing mlebu menyang cangkeme. Raja kang weruh kahanan kasebut mung ngguyu wae. Bab kasebut kaya pethikan iki.

*“Lho kok anehmen,” pangandikane sang Prabu ethok-ethok gumun nanging banget karenan panggalihe dene anggone maeka mantrine bisa oleh gawe. “Liyane dina yen ana pasowanan maneh eling-eling, aja golek menangmu dhewe. Mantri-mantri liyane rak iya butuh ngaturake paapurane kanthi kepenak, kaya sing mentas padha ditindakake iki mau”. “aja gumun. Kowe dakkandhani,” pangandikane sang prabu karo kedhep-kedhep. “Mantriku iki kakehen gunem, wong liya nganti ora kober guneman. Mulane aku kepengin weruh dheweke kepeksa ora bisa guneman.* (TKTM/Hal 22/oktober/2011)

Adhedhasar pethikan kasebut nuduhake raja nduweni sipat kang adil. Dheweke maeka patihe supaya patih liyane bisa lapuran kanthi kepenak. Sipat adil iku kudu diduweni saben manungsa mligine para pamimpin. Mula saka iku, sipat adil bisa ndadekake senenge liyan saengga ora ana sing ngrasa abot sisih.

#### Tanggung Jawab

Tanggung jawab mujudake karakter kang sumbere saka olah ati. Tanggung jawab yaiku nindakake utawa nglaksanakake apa kang dadi tugas lan kuwajibane. Sipat tanggung jawab bisa kadheleng ing carita MAP. Ing carita MAP sipat tanggung jawab diduweni dening Antaboga. Antaboga tanggung jawab marang apa sing wis ditugasake dening Bathara Guru marang dheweke yaiku Antaboga kudu ngupakara endhog nganti endhog kasebut netes lan yen wis netes, tetesane endhog kasebut diaturake marang Bathara Guru. Sipat tanggung jawab kasebut bisa dideleng saka pethikan kaya mangkene.

*Antaboga banjur mulih nggawa endhog lan diupakara kanthi becik. Wusana sawise sesasi endhog mau netes, wujud bayi wadon kang ndhemenake. Bayi enggal-enggal digawa diaturake Bathara Guru, lan sabanjure dipundhut putra, dijenengake Dewi Sri.* (MAP/Hal 11/oktober/2011)

Saka pethikan kasebut, cetha banget yen Antaboga iku nduweni sipat tanggung jawab. Dheweke tanggung jawab marang tugas saka Bathara Guru yaiku supaya ngopeni endhog nganti netes. Tanggung jawab kasebut bisa dideleng nalika dheweke ngopeni endhog kasebut kanthi becik.

#### 2. Cerdhas

*Cerdas* yaiku sampurna akal budine (kanggo mikir, mangerteni), lan landhep pikire (KBBI, 1996:56). Pawongan sing nduweni *kacerdasan* bakal gampang anggone mujudake apa wae sing dadi keparepan lan

kanthi *kacerdasan* uga bisa kanggo nulungi wong liya. Mula saka iku, manungsa urip ing alam donya iku kudu nduwe *kacerdasan* amrih uripe bisa kaleksanan kaya apa sing dikarepake.

Cerdas minangka nilai karakter kang sumbere saka olah pikir. Saliyane cerdas, karakter kang sumbere saka olah pikir yaiku kritis, kreatif, *inovatif*, nduweni rasa kepengin weruh kang gedhe, lan uga nduweni kawruh kang jembar. Cerdas ing kene didadekake dhasar karakter sing sumbere saka olah pikir.

Sajroning DDAKB ngandhut carita kang nggambarake pawongan kang nduweni *kacerdasan* lan pawongan sing ora nduweni *kacerdasan*. Salah sawijining carita kang nyritakake babagan kasebut yaiku carita CMS. Carita kasebut nyritakake Patih kang nduweni *kacerdasan* mujudake keparepan lan nyritakake Raja kang bodho (ora *cerdas*) anggone mikir saengga dheweke mung diapusi dening Patihe. Kahanan kang kaya mangkono bisa kadheleng saka pethikan carita kaya mangkene.

*Dumadakan keprungu pambaunge asu-asu ajag saka ing alas sacedheke kono. Sang prabu gumun, banjur noleh marang patihe karo ndangu, “apa sebabe asu ajag kae kok padha mbaung nganti aku kepeksa nilingake kuping ngrungokake swarane”. Ature patih, “Gusti, mangsa asrep ing wekdal menika mila salangkung atisipun, kados ingkang paduka raosaken piyambak. Segawon ajag kathahingkang sami boten gadhah kemul, pramila sami mbaung nyuwun kemul dhateng paduka... (CMS/ hal 17/ oktober/2011)*

*Dina candhake, ing wayah sore sang prabu mireng pambaunge asu-asu ajag maneh. Sang prabu gumun banget banjur ndangu, “ana apa maneh kae? Kok isih padha mbaung?”, “Gusti, anggenipun sami mbaung menika mratelakaken ing panuwunipun dhateng paduka, “wangsulane patihe karo mesem... (CMS/ hal 18/ oktober/2011)*

*Dumadakan ana celeng cilik mlayu, metu saka alas. Sang prabu durung tau pirsu wujud celeng. “Kok elok temen kae” aloke sang prabu. “Kae kewan apa jenenge?”. Mesthi wae patih ngerti banget marang kewan mau. Mulane anggone matur kanthi sareh. “Menika salah satunggalipun liman kalangenan paduka gusti. Kawontenanipun memelas sanget amargi punggawa ingkang kajibah nyukani tedha boten netepi kuwajibanipun (CMS/ hal 19/ oktober/2011)*

Saka pethikan kasebut, bisa dimangerteni kacerdasane Patih anggane njawab pitakone Raja sanajan wangsulane marang Raja ora padha karo kasunyatanane, nanging patih bisa nggawe Raja percaya marang dheweke. Sawalike, Raja sing ora nduweni *kacerdasan* gampang banget diapusi dening patihe. Dadi saka kono bisa didudut, yen *kacerdasan* iku wigati banget tumrap uripe manungsa, tanpa nduweni *kacerdasan* sawijining manungsa bakal gampang digoblogi dening wong liya. *Kacerdasan* iku gedhe banget pigunane, nanging anggane nggunakake *kacerdasan* iku kudu bener trep-trepane aja nganti nggunakake *kacerdasan* kanggo ngrugekake wong liya lan supaya awake dhewe ora sengsara anggane

nggunakake kacerdasan. Pawongan kang nandang sengsara amarga nggunakake kacerdasan kanggo ngrugekake wong liya bisa dimangerteni sajroning pethikan carita kaya mangkene.

*Patih banjur marak sang prabu, ature “gusti nembe kemawon kula niti priksa primbon petanganing mangsa. Wekdal menika-ing wanci tengah dalu menika-kaleres wekdal ingkang ngandhut kamulyan. Sinten kemawon ingkang dipun gantung ing wanci menika, badhe manggih papan ingkang sekeca wonten ing suwarga...(CMS/ hal 21/ oktober/2011)*

*Kebeneran banget! Wis suwe anggane cangkrama menyang suwarga.Saiki uga gantungan, kareben aku bisa weruh kahanan suwarga. Nanging mengko dhisik!” sang prabu noleh mirsani patihe. “paman patih sing daktresnani, “pangandikane. “ wis bola-bali anggonmu prasetya arep ndherekake aku menyang ngendi wae. Saiki aku arep cangkrama menyang suwarga.Dakjaluk kowe gelema nuduhake dalan. E, prajurit! Patih iki gantungan dhisik.”(CMS/ hal 21-22/ oktober/2011)*

Saka pethikan sing kapisan bisa dimangerteni, Patih kang nduweni kacerdasan, disalah gunakake kanggo ngapusi rajane supaya rajane nggantung awakdhewe banjur mati lan Patih bisa nguwasani krajaan. Saka pethikan sing kapindho bisa dimangerteni anggane patih nyalah gunakake kacerdasane, pungkasane malah nggawe dheweke nemoni patine.

#### Kreatip

Kreatip yaiku daya kanggo ngripta samubarang (KBBI, 1996:454). Kreatip mujudake salah sawijining karakter kang asale saka olah pikir. Pawongan kang nduweni sipat kreatip mesthi nduweni panemu-panemu kanggo ngripta samubarang apa wae saengga nduweni nilai kang luwih. Pawongan kang kreatip bisa kadeleng ing carita MBGA.

Carita kasebut nuduhake bocah kang kreatip. Dheweke kanthi sipat kreatipengrampungake perkara kang diadhepi dening negarane, saengga dheweke bisa nulung para rakyat ing negarane. Sipat kreatip kasebut digambarake nalika segara sakupenge Singapura akeh iwak cucut kang sering nrajang rakyat Singapura. Raja banjur mrentahake prajurite supaya numpes iwak kasebut kanthi cara njejer prajurite ing gisik segara. Kanthi cara mangkono akeh prajurit kang mati kecucuk iwak cucut. Bocah Lanang kang kreatip banjur menahi panemu yen prajurit sing dijejer iku diganti karo gedebog amrih ora ana korban maneh. Kahanan kasebut bisa dideleng saka pethikan kaya mangkene.

*“saumpami ingkang dipun jejer wonten ing pinggit seganten menika gedebog, dados sanes prajurit, ulam cucut ingkang nrajang gisik tamtu sami mancep ing gedebog. Kanthi cara mekaten boten badhe wonten prajurit satunggal kemawon ingkang nemahi pejah” wangsulane bocah mau.(MBGA/ hal 36/ oktober/2011)*

Saka pethikan kasebut bisa dimangerteni Bocah Lanang kasebut wong kang kreatip.Kanthi pamikire kang kreatip, dheweke bisa ngrampungake prakara sing diadhepi negarane yaiku numpes iwak cucut sing nyerang para rakyat ing negarane. Bisa dimangerteni yen kanthi

pamikiran kang kreatip Bocah Lanang kasebut bisa digunakake kanggo nulung wong akeh. Mula saka iku bisa didudut, wong sing nduweni pamikiran kang kreatip bisa miguni tumrap awake dhewe lan wong liya.

#### Rasa Kepengin Weruh kang Gedhe

Rasa kepingin weruh kang gedhe mujudake sipate manungsa sing tansah kepingin weruh tumrap samubarang sing durung diweruhi. Rasa kepingin weruh kang gedhe mujudake karakter kang sumbere saka olah pikir. Wong kang nduweni rasa kepingin weruh kang gedhe bisa dideleng ing carita MDK. Carita kasebut nyritakake paraga Makato kang kepingin weruh tanah manca. Bab kasebut kaya pethikan iki.

*“Kula kepingin kesah tebih pados pengalaman,” wangsulane Makato, karo nudingi pernah lor etan. “Kula mireng ing tanah ngrika subur sanget, lan tiyang-tiyang sami sae-sae. Kula kepingin nyatakaken piyambak.” Kandha mangkono mau karo mripate katon kencar-kencar. (MDK/ hal 26/ Oktober/2011)*

*Let sawetara dina, Makato nggembelengake tekade, arep nyoba golek dalane kabegjan, ninggal desane, kepingin weruh tanah manca. (MDK/ hal 26/ Oktober/2011)*

Adhedhasar andharan kasebut nuduhake yen Makato kagolong wong kang nduweni rasa kepingin weruh kang gedhe. Salah sawijining kepinginane Makato yaiku dheweke kepingin weruh negara manca, sapa weruh ing negara manca uripe Makato bakal nemu kabegjan. Saka panjangane Makato arep lunga ing negara manca, ndadekake dheweke sregep anggane nyambut gawe supaya asile bisa digawe sangu anggane lunga ing negara manca. Semana uga pawongan kang nduweni rasa kepingin weruh kang gedhe, nalika dheweke nemokake babagan sing bisa mulyakake lan nentremake uripe, dheweke mesthi bakal ngupayakake bab kasebut. Mula saka iku bisa didudut, rasa kepingin weruh kang gedhe bakal dadi motivasine manungsa kanggo urip sing luwih maju.

#### 3. Tangguh

Tangguh yaiku kuwat, sabar, lan angel dikalahake (KBBI, 1996:786). Wong sing nduweni pribadhi sing tangguh dheweke bakal kuwat lan sabar anggane ngadhepi sakehing prakara sajroning uripe. Tangguh yaiku nilai karakter kang sumbere saka olah raga utawa kinestika. Karakter kang sumbere saka olah raga lan kinestika saliyane tangguh yaiku kuwat, ulet, kooperatif, sregep, sabar lan mandhiri. Tangguh didadekake dhasar karakter kang sumbere saka olah raga utawa kinestika.

Sajroning DDAKB ngandhut carita kang nggambarake pawongan kang tangguh. Salah sawijining carita kang nyritakake babagan kasebut yaiku carita MDK. Ing carita kasebut nyritakake Makato kang kuwat ngadhepi uripe sing tansah kangelan. Makato yaiku wong kang mlarat, nanging dheweke nduweni panjangka kang dhuwur yaiku ngumbara ing negara manca kanggo nggolek kamulyan. Kahanan kasebut bisa dideleng saka pethikan kaya mangkene.

*Uripe prasasat mung badan sepata, ora duwe sedulur, keponakan utawa tepungan sing gelem ngopeni. Dadi kepeksa golek pangan dhewe.*

*Nyambut gawene srabutan, dadi kuli pasar, gawe dalam ing tengah alas, utawa makani babi.makato ora tau ngresula bab penggaweane, senajan opahe mung sethithik nanging wis rumangsa marem.* (MDK/ hal 22/ oktober/2011)

*Ing wayah sore, sawise rampung olehi mecoki kayu gedhe, Makato ngaso lungguh karo nggagas-nggagas, besuk yen wis dadi uwong arep nyambut gawe apa. Dheweke kepengin banget nyambut gawe ing negara manca sing adoh, murih bisa oleh pengalaman warna-warna.* (MDK/ hal 24-26/ oktober/2011)

Saka pethikan kasebut nuduhake paraga Makato kang tangguh. Dheweke nyambut gawe srabutan kanggo urip saben dinane. Saliyane iku Makato uga wong kang sabar. Dheweke ora tau ngresula marang abote penggaweane. Makato kang urip ijen lan mlarat kapengin ngumbara menyang negara manca supaya dheweke bisa urip mulya. Saka katangguhane, dheweke bisa mujudake kepenginane. Ing negara sing dadi tujuwane ngumbara, kanthi katangguhane dheweke bisa urip mulya. Makato didhaupake klawan putri ing negara kasebut sarta pungkasane dheweke uga bisa dadi raja.

*Makato banjur nyritakake pengalame. Sang Prabu kaget banget karenan lan ngalembana kapinterane lan tumemene Makato. Saka renane nganti kawetu pangandikane yen Makato diparengake suwita ana ing kraton.* (MDK/ hal 31/ oktober/2011)

*Bareng wis diwasa Makato katon gedhe dhuwur lan ngresepake. Nandang penggawean apa bae mesthi bisa lan anggone ngladeni sang prabu ketrima banget. Gedhe lebhane, mula dipitaya banget marang nata...*

*Luwih rumnga mulya maneh bareng dipundhut mantu sang prabu, dijodhokake oleh putrine kang ayu banget rupane. Sabanjure Makato didadekake rau ing ing Mon.* (MDK/ hal 32/ oktober/2011)

Saka andharan kasebut nuduhake yen Makato wong kang tangguh. Mula saka iku, bisa didudut wong sing nduweni pribadhi sing tangguh lan sabar anggone ngadhepi sawijining prakara, dheweke kanthi bisa ngrampungake perkarane sarta bakal bisa mujudake apa sing dikarepake.

#### Mandhiri

Mandhiri yaiku mandeg dhewe, samubarang kang dilakoni kanthi madeg dhewe (Bausastra, 2000:488). Mandhiri mujudake salah sawijining karakter kang asale saka olah raga utawa kinestika. Wong kang mandhiri dheweke bisa dadi wong kang kuwat nglakoni uripe lan bisa nemoni kalmulyan sajroning uripe. Wong kang mandhiri bisa kadeleng ing carita MDK. Paraga ing MDK sing nduweni sipat mandhiri yaiku Makato. Makato nduweni sipat kang mandhiri amarga dheweke urip dhewean. Dheweke ora nduwe wong tuwa lan dulur dadi dheweke kudu mandhiri, golek pangan dhewe. Kahanan kasebut bisa dideleng saka pethikan kaya mangkene.

*Urip prasasat mung badan sepata, ora duwe sedulur, keponakan utawa tepungan sing gelem ngopeni. Dadi kepeksa golek pangan dhewe. Nyambut gawene srabutan, dadi kuli pasar, gawe*

*dalam ing tengah alas, utawa makani babi.makato ora tau ngresula bab penggaweane, senajan opahe mung sethithik nanging wis rumangsa marem.* (MDK/ hal 22/ oktober/2011)

Saka pethikan kasebut nuduhake yen Makato iku wong kang mandhiri. Dheweke golek pangan dhewe tanpa ngarep-arep welas asihe liyan. Mula saka iku, bisa didudut wong kang mandhiri bisa ngadhepi samubarang prakara kanthi tanpa ngarep-arep diasih wong liya.

#### Ulet

Ulet yaiku nindakake samubarang kanthi temenan, ora gampang nyerah, lan cilik ati nalika ngadhepi sawijining perkara. Ulet mujudake karakter kang sumber saka olah raga utawa kinestika. Wong kang ulet bisa dideleng ing carita MDK. Carita kasebut nyritakake paraga Makato kang ulet anggone nyambut gawe. Bab kasebut kaya pethikan iki.

*Nyambut gawe serabutan, dadi kuli pasar gawe dalam ing tengah alas, utawa makani babi. Makato ora tau ngresula bab penggaweane, lan senajan opahe mung sethithik, nanging wis rumangsa marem. Makato ngerti yen wong lumuh nyambut gawe kuwi mesthi bakal mati kairen. Nyambut gawe ing ngendi wae, dheweke tansah dialembana mandhore, mula atine tansah kebong, sangsaya pethel, becik wewatekane lan sumeh polatane.* (MDK/hal 24/Oktobre/2011)

Adhedhasar pethikan kasebut nuduhake Makato kang ulet anggone nyambut gawe. Dheweke sanajan penggaweane abot nanging isih tetep sregep anggone nyambut gawe kanthi tujuwan supaya asile anggone kerja iku nyenengake lan bisa mulyakake uripe. Mula saka iku, bisa dimangerteni yen wong sing ulet anggone nglakoni pakaryan, bakal ngundhuh asil saka pakaryane kanthi maksimal. Saka andharan kasebut bisa didudut yen sawijining pawongan nindakake samubarang pakaryan iku ora kena gampang cilik ati lan gampang nyerah, nanging tansah ulet sanajan akeh alangan sing kudu diadhepi, amrih asil saka pakaryane bisa maksimal.

#### Sabar

Sabar yaiku sareh anggone ngadhepi samubarang prakara sajroning uripe. Sabar mujudake salah sawijining karakter kang sumber saka olah raga utawa kinestika. Wong kang sabar kagambar ing carita DJS. Wong kang nduweni sipat sabar yaiku paraga Cao Lang. Dheweke nrima kanthi sabar nalika Xuan Phu arep dirabi dening kakange. Senadyan atine nelangsa banget, nanging tresnane marang sedulure ndadekake dheweke dadi wong kang sabar. Kahanan kasebut bisa kagambar ing pethikan kang kaya mangkene.

*Calon temanten wadon sing dadi pilihane kakange ora liya mung si Xuan Phu. Kaya apa sedhihe Cao Lang. Atine nelangsa banget. Nanging tresnane marang sadulure tuwa luwih gedhe tinimbang marang awake dhewe, mula iya mung meneng wae, ora gelem nglairake rasaning atine.* (DJS/ hal 34-35/ oktober/2011)

*Cao Lang rumangsa yen dheweke sing luput. Mulane banjur sumedya golek dalam murih kaluwargane bali tentrem maneh, lan ora ana liya dalane kajaba lunga saka omah.* (DJS/ hal37 / oktober/2011)

Saka pethikan sing kelo ro uga nuduhake yen Cao Lang kagolong wong kang sabar. Dheweke trima ngalah marang kakange kanthi cara ninggalake omah supaya kakange lan bojone bisa urip tentrem. Mula saka iku bisa didudut yen sipat sabar iku kudu diduweni saben manungsa amrih sajroning uripe ora mung nengenake nepsune wae. Kanthi sipat sabar sawijining manungsa bisa ngendhani tumindak angkara murka lan bisa nggayuh kekepareane kanthi asil kang becik.

#### Sregep

Sregep yaiku kanthi mepeng sarta tlaten sarta seneng tumandang gawe. Sipat sregep bisa kadeleng ing carita MDK. Makato kagolong wong kang sregep nyambut gawe, kabeh penggawean dilakoni kanthi tumemen. Mula saka iku, Makato ing ngendi wae tansah disenengi karo mandhore amarga dheweke sregep nyambut gawe sanajan kadhangkala opahe mung sethithik. Kahanan kasebut bisa dideleng kaya mangkene.

*Makato ngerti yen wong lumuh nyambut gawe bakal mati kaliren. Nyambut gawe ing ngendi wae, dheweke tansah dialembana mandhore, mula atine tansah kabombong, sangsaya pethel, becik wewatekane lan sumeh polatane.* (MDK/ hal 24/ oktober/2011)

*Makato ngrewangi golek pangane gajah lan ngresiki kandhang. Nyambut gawene tumemen lan pethel banget, agawe senenge sing dingengeri lanang wadon.* (MDK/ hal 28/ oktober/2011)

Saka pethikan kasebut nuduhake yen Makato wong kang sregep nyambut gawe. Saben wong sing dieloni Makato padha seneng amarga anggone nyambut gawe Makato tumemen lan sregep. Wong kang sregep anggone nindakake samubarang pakaryane, ing tembe mburine pakaryane bakal kasil kaya apa sing dikarepake. Mula saka iku, yen pakaryane kepengin kasil kaya apa sing dikarepake, anggone nindakake pakaryan kudu dilakoni kanthi sregep.

#### 4. Predhuli

Predhuli yaiku nggatekake, bisa nggatekake marang awak dhewe utawa nggatekake marang wong liya (KBBI, 1996: 191). Predhuli minangka karakter kang sumber saka olah karsa lan rasa. Karakter kang sumber saka olah karsa lan rasa ora mung predhuli wae, nanging uga ana karakter liyane yaiku nduweni sipat kakaluwargan, bisa nregani, gotong royong, nduweni unggah-ungguh, ngutamakake kapentingan umum, lan kurmat marang sasama, nanging ing kene sipat predhuli didadekake minangka dhasar karakter kang sumber saka olah karsa lan rasa.

Sajroning DDAKB ngandhut carita kang nggambarake pawongan kang pedhuli. Carita TKTM nyritakake Raja kang pedhuli marang mantri-mantrine sing padha keganggu nalika arep lapuran marang dheweke. raja ngakon Thao Kham supaya mbalang lempung marang Mantri sing kakehan gunem supaya mantri kasebut sadhar saengga Mantri liyane kapetak anggone lapuran. Kahanan kasebut bisa dideleng saka pethikan kaya mangkene.

*Saka karenan banget penggalih marang kaprigelane Thao Kham sing ngeram-eramake mau, nganti kawetu pangandikane, “kowe dakparengake*

*ndherek menyang kraton. Aku mbutuhake kabisanmu kuwi.* (TKTM/ hal 19/ oktober/2011)

Saka kaprigalane mbalang Thao Kham, raja nggunakake kaprigelane kasebut supaya bisa nulungi mantri liyane amrih bisa nglapurake lapuran tumrap jejibahane. Kapedhulian Raja marang mantri iku ditindakake kanthi cara ngutus Thao Kham mbalang mantri sing kakehan gunem kasebut saliyane menahi piwulang marang dheweke uga raja kepingin mantrine gelem ngrungokake omongane matri liya nalika awah urun rembug.

*Sang prabu nuli ngendika menyang Thao Kham, “saiki rungokna, iki mengko ana wong sing daktimbali seba, lungguhe ana ing ngarepmu bener. Lan mengko saben dheweke arep kumecap, cangkeme balangen glintiran lempung”...*

*“aja gumun, kowe dakkandhani,” pangandikane sang prabu karo kedhep-kedhep. “mantriku iki kakehan gunem, wong liya nganti ora kober guneman. Mulane aku kepingin weruh dheweke kepeksa ora bisa guneman...”*

*“lho kok aneh temen,” pangandikane sang prabu ethok-ethok gumun, nanging banget karenan penggalih dene anggone maeka mantrine bisa oleh gawe.” liya dina yen ana pasowanan maneh, eling-eling, aja golek menangmu dhewe. Mantri-mantri liya rak iya butuh ngaturake palapurane kanthi kepenak, kaya sing mentas padha ditindakake iki mau.* (TKTM/ hal 20-22/ oktober/2011)

Saka pethikan kasebut Thao Kham mbalang mantri sing kakehan gunem amarga diutus dening Raja. Mantri sing kakehan gunem ora bisa ngomong akeh nalika lapuran amarga saben kumecap dheweke dibalang lempung dening Thao Kham. Saka gambaran kasebut bisa dimangerteni kapedhulinane raja tumrap para mantri-mantrine. Sikap pedhuli kang diduweni Raja ndadekake bungahe wong liya, amarga manungsa sejatine ora bisa urip dhewe, mantri ditulungi Raja supaya bisa lapuran kanthi kapetak, dene raja nulung mantri supaya dheweke bisa meruhi lapuran mantrine tumrap jejibahane. Mula saka iku, manungsa kudu tansah pedhuli marang liyan.

#### Ngutamakake Kapentingan Umum

Sipat ngutamakake kapentingan umum yaiku sipat kang luwih ngutamakake kapentingan wong akeh tinimbang kapentingan dheweke dhewe. Ngutamakake kapentingan umum mujudake salah sawijining karakter kang asal saka olah rasa lan karsa. Sikap ngutamakake kapentingan umum kagambar ing carita MAP. Carita iki nuduhake sikap ngutamakake kapentingan umum Bathara Guru marang rakyat pajajaran. Wujud sikap kasebut bisa dideleng nalika Bathara Guru awah winih pari marang rakyat pajajaran supaya ora nandang kaliren maneh. Kahanan kasebut bisa dideleng saka pethikan kaya mangkene.

*Nalika Bathara Guru pirsia kaelokan mangkono mau, banjur dhawuh supaya winih pari iku digawa tumurun menyang marcapada, lan supaya dipasrahake marang nata ing pajajaran. “Matura yen winih iki paringanku. Para kawulane supaya diprentah nandur lan ngupakara sing becik.*

*Sabanjure bakal ora ana sing nandhang kaliren maneh, jalaran pari kuwi dadi pangane manungsa.* (MAP/ hal 13/ oktober/2011).

Saka pethikan kasebut, nuduhake yen Bathara Guru yaiku wong kang nduweni sikap ngutamakake kapentingan umum. Dheweke menahi winih pari marang rakyat Pajajaran amrih rakyat ora nandang kaliren maneh. Mula saka iku, bisa didudut wong kang ngutamakake kapentingan umum iku dheweke bakal bisa awèh pambiyantu marang wong akeh sarta bakal disenengi wong liya.

#### Rasa Kakaluwargan

Kaluwarga yaiku sanak sadulur (Bausastra, 2000:841). Kakaluwargan yaiku nduweni sipat kaluwarga. Rasa kakaluwargan mujudake salah sawijining karakter kang asale saka olah rasa lan karsa. Rasa kaluwargan bisa dideleng ing carita DJS. Rasa kaluwargan kasebut digambarake paraga Cao Lang nalikane dheweke ngalah marang dulur lanange yaiku Cao Tan sanajan Cao Lang tresna banget marang Xuan Phu. Dheweke nglilakake Xuan Phu didhaup dening dulur lanang sing ora liya yaiku Cao Tan. Bab kasebut bisa dideleng saka pethikan kaya mangkene.

*Calon temanten wadon sing dadi pilihane kakange ora liya mung si Xuan Phu. Kaya sedhihe Cao Lang. Atine nelangsa banget. Nanging tresnane marang sadulure tuwa luwih gedhe tinimbang marang awake dhewe, mula iya mung meneng wae, ora gelem nglairake rasaning atine.* (DJS/ hal 34-35/ oktober/2011).

Pethikan kasebut nuduhake rasa kakaluwargan sing diduweni dening Cao lang. Dheweke nglilakake wong sing ditresnani didhaup dening sedulur tuwane. Rasa kakaluwargan iku wigati banget lan kudu diduweni dening saben manungsa supaya tentrem anggone urip bebrayan klawan kaluwargane.

#### Nduweni Unggah-ungguh

Unggah unguh yaiku sopan santun utawa tata susila. Nduweni unggah unguh mujudake salah sawijining karakter kang sumbere saka oah rasa lan karsa. Wong kang nduweni unggah unguh bisa kadeleng ing carita MDK. Carita MDK nyritakake paraga Makato kang nduweni unggah-ungguh marang wong wadon tuwa kang ora dikenal sadurunge. Nalika ngumbara, dheweke krasa ngelak, banjur dheweke kanthi sopan njaluk banyu marang wong wadon tuwa kasebut. Bab kasebut kaya pethikan iki.

*“mbokdhe, napa kula angsal nedhi toyane sekedhik,” tembunge Makato menyang wong wadon tuwa nyunggi klenthing isi banyu. “kula ngelak sanget”. Kowe bocah ngendi, Le? Kok lunga ijen, sajake omahmu adoh banget ya?” pitakone wong wadon mau, karo ngiling banyu saka klenthinge, ditadhahi mangkok cilik, nuli diulangake Makato. “Matur nuwun sanget nggih mbokdhe,” unine Makato.* (MDK/ hal 26/ oktober/2011)

Saka pethikan kasebut nuduhake Makato nalika cecaturan klawan wong wadon tuwa kanthi sopan. Saengga wong wadon tuwa sing dijak cecaturan gelem weneh banyu sing dijuluk Makato kanggo ngombe. Mula saka iku, manungsa sing nduweni unggah-ungguh

sajroning *interaksi sosiale*, wong liya bakal weneh pambiji kang becik tumrap dheweke. Saengga dheweke bakal oleh *respon* kang apik saka pawongan sing dijak *interaksi*. Dadi bisa didudut, yen unggah-ungguh iku wigati banget sajroning urip bebrayane manungsa.

#### Seneng Nulung

Nulung yaiku menahi pambiyantu kanggo ngenthengake beban utawa panalangsane liyan (Bausastra, 2000:800). Seneng nulung mujudake salah sawijining karakter kang asale saka olah rasa lan karsa. Wong kang seneng nulung bakal disenengi wong akeh amarga bisa ngenthengake bebane liyan. Wong sing seneng nulung bisa kadeleng ing carita JKM. Carita kasebut nyritakake Jejaka kang seneng nulung marang liyan.

Ing wayah sore lakune jejaka tekan ing sawijining omah kang njerone ana bocah wadon kang lagi nangis amarga wong tuwane lan dulure dipangan macan. Dheweke wedi yen mengko uga dipangan macan. Jejaka kang meruhi kahanan kasebut banjur nulungi bocah wadon supaya ora dipangan Macan. Kahanan kasebut bisa dideleng ing pethikan kaya mangkene.

*“kok melas temen awakmu,” celathune jejaka mau. “wis, aja wedi, aku sakanca-kancaku kabeh saguh nulungi kowe”.* (JKM/ hal 13/ oktober/2011)

Pethikan kasebut nuduhake yen Jejaka iku wong kang seneng nulung. Iku kabukten nalika dheweke gelem nulung bocah wadon sing durung dheweke kenal sadurunge. Dheweke kasil nylametake bocah wadon kasebut saka macan sing arep mangsa bocah wadon. Mula saka iku bisa didudut yen wong sing seneng nulung, dheweke bakal bisa awèh guna tumrap wong kang ditulung. Saliyane iku, wong kang seneng nulung bakale oleh piwales saka kabecikane, bisa piwales ing alam donya yaiku nalika dheweke butuh pitulungane wong liya bakale ana sing nulung dheweke utawa mengko ing akhirat dheweke oleh piwales saka Pangeran tumrap amal kabecikane ing donya.

#### **PANUTUP**

##### **Dudutan**

Dongeng-dongeng Asia Kanggo Bocah jilid 1 nganti 3 minangka reiptan sastra kang isine maneka warna carita saka negara-negara Asia. Carita ing DDAKBB ana 12 carita kang nyritakake babagan gegambaran panguripane manungsa ingsaben dinane kang ngandhut nilai-nilai mligine nilai pendhidhikan karakter.

Adhedhasar asile analisis data bisa dijupuk dudutan menawa gegambaran struktur carita sajrone DDAKB, mligine ing babagan tema, paraga, plot/alur lan latar. Tema saben carita kasebut beda-beda, nanging tema kang digunakake paling akeh yaiku tema pendhidhikan. Gegambaran paraga saben dongeng uga beda-beda. Sekabehane nduweni sipat lan kahanan urip kang beda sing sabanjure nuduhake nilai pendhidhikan karakter kang bisa didadekake patuladhan. Kajaba iku alur saben carita kang ana, kabeh kagolong alur maju. Dene latar panggonan, wektu lan kahanan saben carita iku beda-beda.

Saka gegambarane struktur crita sajrone dongeng-dongeng Asia kanggo bocah jilid 1 nganti 3 nuduhake nilai-nilai pendhidhikan karakter kang kinandhut

sajroning carita. Nilai-nilai pendhidhikan karakter kasebut yaiku (1) jujur minangka dhasar karakter kang asale saka olah ati, sing sajrone ana karakter amanah, adil, tresna asih, gedhe pangapura, wicaksana lan tanggung jawab, (2) cerdhas minangka dhasar karakter kang asale saka olah pikir, sing sajrone ana karakter kreatip lan rasa kepingin weruh kang gedhe, (3) tangguh minangka dhasar karakter kang asale saka olah raga utawa kinestika sing sajrone ana karakter mandhiri, ulet, sabar lan sregep (4) pedhuli dhasar karakter kang asale saka olah karsa lan rasa sing sajrone ana karakter antarane yaiku ngutamakake kepentingan umum, nduweni rasa kakaluwargan, nduweni unggah ungguh, lan seneng nulung.

#### **Pamrayoga**

Panliten ngenani nilai pendhidhikan karakter sajroning Dongeng-dongeng Asia kanggo bocah iki isih ana kakurangan lan kaluputane. Mula panliti nduweni pangajab supaya panliten sabanjure bisa katindakake kanthi luwih sampurna.

#### **Kapustakan**

Aminudin, 1987. *Pengantar Apresiasi Karya Sastra*. Bandung: Sinar Baru Algensindo.

Azzet, Akhmad Muhaimin. 2011. *Urgensi Pendidikan Karakter di Indonesia: Revitalisasi Pendidikan Karakter terhadap Keberhasilan Belajar dan Kemajuan Bangsa*. Yogyakarta: ArRuzz Media

Arikunto, Suharsimi. 2006. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik (Jilid Revisi 2006)*. Jakarta: Rineka Cipta

Endraswara, Suwardi. 2010. *Metode penelitian Sastra: Epistemologi, Model Teori, dan Aplikasi*. Yogyakarta: Media Pressindo

Hutomo, Suripan Sadi. 1991. *Mutiara yang Terlupakan*. Jawa Timur: Hiski

Jabrohim. 2002. *Metodologi Penelitian Sastra*. Jogjakarta: PT Hanindita Graha Widya

Moleong, Lexy J. 2006. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT Elex Media Komputindo

Mu'in, Fatchul. 2011. *Pendidikan Karakter, Konstruksi Teoritik & Praktik*. Jogjakarta: ArRuzz Media

Najid, Moh. 2003. *Mengenal Apresiasi Prosa Fiksi*. Surabaya: University Press

Noor, Rohinah M. 2011. *Pendidikan Karakter Berbasis Sastra: Solusi Pendidikan*

*Moral Efektif*. Yogyakarta: ArRuzz Media

Nurgiyantoro, Burhan. 2005. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press

Ratna, Nyoman Kutha. 2009. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar

Said, Mohammad. 2011. *Pendidikan Karakter di Sekolah*. Surabaya: Jaring Pena

Samani, Muchlas lan Hariyanto. 2011. *Konsep Model Pendidikan Karakter*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya.

Sarumpaet, Riris K. Toha, 2010. *Pedoman Penelitian Sastra Anak*. Jakarta: Yayasan Obor

Sukada, Made. 1993. *Pembinaan Kritik Sastra Indonesia (Masalah Sistematika Analisis Struktur Fiksi)*. Surabaya: Angkasa Bandung

Teeuw. 2003. *Sastra dan Ilmu Sastra*. Jakarta: Dunia Pustaka Jaya

Tim. 1996. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka

Tim. 2000. *Kamus Basa Jawa (Bausastra Jawa)*. Yogyakarta: Kanisius

Wellek, Rene & Austin Warren. 1995. *Teori Kesusastraan* (dialihbasakake dening Melani Budianta). Jakarta: Gramedia

Wiyani, Novan Ardy. 2012. *Manajemen Pendidikan Karakter: Konsep dan Implementasinya Disekolah*. Yogyakarta: Pedagogia

<http://www.slideshare.net/pristiadiutomo/naskah-rankemendiknasrev2,2010:3>, diunduh 27 Februari 2013

[\(http://ekazai.wordpress.com/2013/03/08/110/\)](http://ekazai.wordpress.com/2013/03/08/110/). Diunduh 10 juli 201